



Commonwealth of Massachusetts  
Executive Office of Health and Human Services  
[www.mass.gov/masshealth](http://www.mass.gov/masshealth)

# Manm MassHealth ka jwenn sèvis doula gratis pandan yo ansent, ap akouche, epi apre!



## Kisa yon doula ye?

Doula founi manm e fanmi soutyen ki pa medikal pandan gwosès, akouchman, e apre akouchman.

## Kòman yon doula ka ede w?

Doula a ka soutni ni oumenm ni fanmi w an fonksyon bezwen inik ou yo. Sèvis doula disponib tou pou moun ki gen yon gwosès ki fini nan foskouch, avòtman, oubyen yon nesans kote tibebe a fèt tou mouri.

Doula a ka :

- Ba w repons sou kesyon ou poze sou gwosès e nesans.
- Rankontre avèk ou pou ede ni oumenm ni fanmi w pare pou nesans lan.
- Travay avèk ou, avèk fanmi w, epi avèk ekip swenyaj ou a pandan tranche e akouchman pou asire ou santi ou gen soutyen.
- Rankontre avèk ou apre akouchman an pou n pale sou eksperyans ou nan nesans lan epi kòman ou santi w.
- Ba w enfòmasyon debaz sou alètman oubyen alimantasyon tibebe epi kòman pou okipe tibebe w la.
- Mete w an kontak avèk resous nan kominate ou a an fonksyon sa w bezwen.



## Aprann plis e jwenn yon founisè doula nan MassHealth nan [mass.gov/masshealthdoulas](http://mass.gov/masshealthdoulas).

Ou gendwa kontakte sèvis kliyan MassHealth la tou pou plis enfòmasyon nan nimewo  
(800) 841-2900, TDD / TTY 711.